Адыгэбзэмрэ литературэмрэ зэрырагъэдж фIагъыр къэIэтыным хуэунэтIа бгъэдыхьэкIэхэмрэ Iэмалхэмрэ.








Акъбащ Ипщэ курыт еджапIэ
адыгэбзэмрэ литературэмкIэ
и егъэджакIуэ Тэркъан Н.О.

Сымаджэм **лы мышыу** ирагъэшхырт.

**Псалъэ мышыу** жызыIэм зыри едаIуэртэкъым.



- ЗэкIэщIэпч мыхъу псалъэ зэпхахэр зэкIэщIэпчмэ, къарыкI мыхьэнэр мэкъутэ. БзэщIэныгъэм и кIуэцIкIэ апхуэдэ псалъэ зэпхахэм **фразеологическэ оборотклэ** йоджэ.

- **Фразеологическэ оборотхэр** зыджым **фразеологиекIэ** йоджэ.



# Фразеологиер -

**от греч. фразис (phrasis) –**

**выражение -жыIэкIэ+**

**логос ( logos) - учение- егъэсэн**

**Фразеологизмэхэр –зэкIэщIэпч мыхъу псалъэ зэпхащ,а мыхьэнэ дыдэр къызэрырыкI псалъэкIэ е псалъэухакIэ зэпхъуэкI хъуурэ.**



## Урокым и темэр:

Ди бзэр дахэ,гъэщIэгъуэн зыщI фразеологизмэхэр.

# Зэпкъырыхын хуей Iуэхугъуэ (проблемэ)



???

СыткIэ дыхуей дэ абыхэм?

Сытым щыгъуэ ахэр къыщыдгъэсэбэпыр?

Сыт хуэдэ къалэн щагъэзащIэрэ абыхэм ди бзэм?



# Дэнэ къыздик1ар фразеологизмэхэр

Языныкъуэхэм лъабжьэ хуэхъуар тхыдэм щыщ Iуэхугъуэхэрщ:
Дэжыгхэ я Iэпхъуамбэу,
Сокъурхэ я пIастэ хъурейуэ.

IэщIагъэм епха псалъэхэщ:
Зымышхыжын и мэкъумэш щIэкIэ,
Хьэ мыгур егъэгун.

ЗэкIэщIэпч мыхъу псалъэ зэпыщIахэм хэкIыпIэ яхуохъу мифологиер, диным епха хъыбархэр:
Къемэт махуэр къэсыху пэплъэн,
И шыкIэ мафIэ егъэуауэ

Псалъэ хъуэрхэм, литературнэ тхыгъэми IуэрыIуатэми къыхэкIащ.

# Зы дакъикъэм къриубыдэу зэкIэщIэпч мыхъу псалъэ зэпыщIахэм я мыхьэнэр жыIэн.

1.ДжэдыкIэм цы къыхэхын
2.И псэр IукIауэ
3.И нэбдзыпэ зэтрилъхьакъым
4.И напэр мэс
5.Тхъур IупэкIэ зын
6.Гур иудын
7.И кIэныр къикIын
8. Гур жэн

## Псалъэ зэпыщ1ахэм дэтхэнэхэр зэк1эщ1эпч мыхъу псалъэ зэпыщ1ами,дэтнэхэр къызэрык1уэу зэпыщ1ами къыжыф1э.

Iэнэм телъщ, бзэгупэм телъщ,хыв хьэ ебэнауэ, хыв блэкIым хьэр ебэнащ, бжьыпэр иубыдащ, бжьыпэр ириIуэнтIэкIащ,.

зэкIэщIэпч мыхъу псалъэ зэпыщIахэр

Псалъэ зэпха къызэрыкIуэхэр

бзэгупэм телъщ

хыв хьэ ебэнауэ

бжьыпэр иубыдащ

Iэнэм телъщ

хыв блэкIым хьэр ебэнащ

бжьыпэр ириIуэнтIэкIащ

Зэкlэщlэпч мыхъу псалъэ зэпыщlахэм синоним къахуэхъу псалъэр къэгъуэтын

| | | |
|---|---|---|
| и нэр къокI | | къэнэщхъеящ |
| и шыкIэ мафIэ егъэуауэ | | кIуащ |
| и щхьэр къыфIэхуащ | | къыфIэIуэхуакъым |
| и лъэ нихусащ | | щIохъуэпс |
| хыв хьэ ебэнауэ | | псынщIэу |
| | | |

# сурэтым еплъурэ фразеологизмэхэр жыIэн.



















# пантомимэ

(Iэпэтэрмэш)

**Нэм къыщIэIэбэр плъагъуркъым**

Псалъэхэм я тхыкIэ хабзэхэр къэщIэжын,
цIыху лэжьыгъэ зыфIэфIымрэ къызыфIэмыIуэхумрэ я хьэл-щэнхэр къэзыгъэлъагъуэ псалъэ зэпхахэр зэхэгъэкIын

| **Iэпэдэгъэлэл щIын** |
| --- |
| Зи зыгъазэ зы мазэщ |
| Iэщхьэ лъащхьэр дэхьеяуэ |
| ИIэпэм дыщэ къыпощэщ |
| Iу.ху.м хуэIэижьын |
| Iэхъуэгъуэ тегъэкI.у лэжьэн |
| Iэпэ жьажьэ |

# ФРАЗЕОЛОГИЧЕСКЭ ЛОТО

***фразеологизмэхэр зэхуэхьэсыж***

| | | | |
|---|---|---|---|
| щхьэм | къыфIэхун | щхьэр | трелъхьэ |
| къыхуэмы-Iэтын | иукIэн | щхьэр | хэлъын |
| куэд | и щхьэ | мафIэм | щхьэр |

# Фразеологизмэхэр

**ФразеологическэжыIэгъуэхэм ди бзэр шэрыуэ,дахэ зыщI Iэмалхэм ящыщ зыщ.**

Псалъэ зырызхэм я синониму къэкIуэнкIэ мэхъу

нэхъыбэу къыщагъэсэбэпыр жьэрыIуатэбзэрщ, псэлъэкIэм образнэ щытыкIэ ириту

Псалъэухам и зы пкъыгъуэу хоувэ

**Нобэ псори ди Iэщхьэ-лъащхьэр дэхьеяуэ дылэжьащ,тIэкIу дезэшами, зыри ди пIэ дыкъикIакъым, зызэщIэткъуззэри ди къалэнхэр дгъэззэщIащ.**







# Унэ лэжьыгъэ

**КъэкIуэну хьэрфхэмк1э къыщ1идзэ фразеологизмхэр хэту псалъэуха зэхэлъхьэн.**

гу

н

л

дж

# Узыншэу фыщыт!